

Chè fanmi,

Aplikasyon lekòl segondè a ap ouvri semèn 24 janvye a epi nou kontan anpil pou òganize 2yèm pati seri aktivite vityèl nou yo sou admisyon nan lekòl segondè nan Vil Nouyòk menm semèn sa a. Tout fanmi Vil Nouyòk ki gen elèv 8yèm ane(ansanm ak fanmi elèv ki pral fè 9yèm ane pou premye fwa ki enterese) yo lib pou patisipe epi nou ankouraje yo. Tout sesyon yo ap fèt vityèl - donk ou ka patisipe nenpòt kote ou ye!

- Nan chak 2yèm pati aktivite, n ap diskite lè ak jan pou aplike, jan yo fè òf yo, jan pou bati yon aplikasyon ki byen balanse, akjan yo evalye aplikan pou pwogram screened ak jan pou patisipe nan pwosis odisyon pou pwogram arts yo, tankou nan pwogram pou LaGuardia High School.
- Aprè prezantasyon an, n ap reponn kesyon ou genyen.

Se sou menm bagay y ap pale nan chak aktivite yo, men **yo pral bay sèvis entèpretasyon diferan nan diferan aktivite**, konsa:

- **24 janvye**, 5pm rive 6pm | Aktivite a ap fèt nan lang Anglè. Ap gen entèpretasyon nan lang: Bengali, Koreyen, Panyòl
- **26 janvye**, 1pm rive 2pm | Aktivite a ap fèt nan lang Anglè. Ap gen entèpretasyon nan lang: Arab, Fransè, Ris
- **27 janvye**, 5pm rive 6pm | Aktivite a ap fèt nan lang Anglè. Ap gen entèpretasyon nan: Chinwa (Mandaren), Kreyòl Ayisyen, Oudou

Kòman pou patisipe:

- Chak sesyon ap fèt andirèk (live). Vin patisipe avèk nou sou Zoom lè aktivite a ap kòmanse, lè w klike la a: <https://bit.ly/HSEvent2022>
- **REMAK ENPÒTAN:** Tcheke imèl ou oswa ale nan schools.nyc.gov/High de jou biznis avan aktivite a: N ap voye yon mesaj ki gen ladan menm **link Zoom** ak **modpas** w ap bezwen pou patisipe a, ansanm ak **nimewo pou rele pou jwenn entèpretasyon live** nan lang yo ofri yo.

Ou p ap ka patisipe, oswa ou ta renmen gen plis enfòmasyon?

- Ale sou schools.nyc.gov/High ak schools.nyc.gov/SHS. N ap afiche yon anrejistreman ki gen soutitraj (caption) sou sitwèb nou an de semèn apre premye aktivite a.

Bon siksè,

Ekip admisyon lekòl segondè a, Biwo enskripsyon elèv

Èske se yon zanmi ki te voye imèl sa a ba w? Asire w mete non w sou lis pou resevwa imèl sou admisyon nan lekòl segondè nan schools.nyc.gov/SignUp. Si w ta renmen retire non w sou pou pa resevwa lòt mesaj sou admisyon lekòl segondè, tanpri klike [la a](#).